

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana pedaran dina bab saméméhna, bisa dicindekkeun opat hal anu patali jeung tradisi Babarit Désa saperti ieu di handap.

- 1) Tradisi Babarit Désa dilaksanakeun di Désa Waringin Kacamatan Palasah Kabupatén Majalengka. Ieu tradisi mangrupa salasahiji upacara penting nu kudu dilaksanakeun ku Kuwu anu keur ngajabat di éta Désa.
- 2) Acarana Babarit Désa dilaksanakeun sataun sakali saméméh usum panén. Ku kituna, ieu acara sok disebut “Babarit melak paré”. Tujuan diayakeunana ieu upacara nya éta sangkan sawah-sawah anu aya di Désa Waringin disinglarkeun tina mamala anu bakal ngabalukarkeun gagalna panén.

Tradisi Babarit Désa miboga fungsi anu kawilang penting pikeun kahirupan masarakat Désa Waringin. Fungsi ti ieu acara nya éta mangrupa gambaran rasa sukur masarakat Désa Waringin ka Allah SWT, ngamumulé warisan budaya karuhun, sarta hal anu penting nya éta pikeun ngajaga rasa gotong royong jeung rasa sauyunan unggal masarakat Désa Waringin. Ieu fungsi-fungsi téh nyoko kana fungsi upacara tradisional salaku fungsi spiritual, sosial, jeung pikeun kamekaran pariwisata.;

- 3) Struktur upacara anu dilaksanakeun dina upacara Babarit Désa bisa katempo tina tempat, waktu, tata cara pelaksanaan, pakakas, jeung para palaku pelaksanaan upacara Babarit Désa. Struktur runtuyan acarana nya éta ngadu’ a, mantun (ngadongéngkeun sajarah paré), nyieun rujak babarit, jeung mayor (dahar balakécrakan bareng). Unggal struktur acara leubeut ku ajén-inajén anu bisa kacangkem tur dijadikeun cecekelan dina kahirupan sapopoé;
- 4) Aya dua rupa sasajén anu kapanggih dina upacara tradisi Babarit Désa. Sasajén, nya éta tilu rupa pakakas sasajén jeung 16 rupa bahan sasajén. Unggal sasajén miboga simbol-simbol husus nu aya patalina jeung kahirupan

manusa. Sacara umum, sasajén mangrupa simbol rasa sukur tina hasil alam anu aya di Désa Waringin. ari tujuanana sangkan panén anu saterusna bakal sarua leuwih alus jeung mulus rahayu ti saméméhna.

## 5.2 Saran

Sabada nalungtik ngeunaan tradisi Babarit Désa, karasa loba pisan mangpaatna pikeun panyusun. Di sagigireun ngaguar tradisi, ogé bisa nambahan élmu pangaweruh kana widang agama. Tétéla geuning, acara anu dianggap sakral téh miboga ajén-inajén kaagamaan anu luhung dina simbol-simbolna.

Sangkan ajén kamangpaatan tina ieu acara téh bisa karasa ku sakumna pihak, panalungtik hayang nepikeun saran, nya éta:

- 1) *Pikeun pihak lembaga atikan*, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun alternatif bahan ajar, sabab di jerona leubeut ku ajén-inajén atikan hususna ajén kabudayaan;
- 2) *Pikeun pihak masarakat*, tradisi Babarit Désa téh mangrupa tradisi anu diwariskeun ti para karuhun urang Sunda hususna karuhun Désa Waringin, ogé miboga ajén positif di jerona. Ku kituna, ieu acara ulah nepi ka mawa pikiran masarakat kana kamusrikan jeung ieu tradisi kudu dimumulé tur dilaksanakeun unggal taun;
- 3) *Pikeun pihak penyelenggara*, lian ti ajén positif, dina ieu acara téh sumebar ogé kapercayaan-kapercayaan jeung mitos anu geus némpél dina diri masarakat. Ku kituna, ka pihak penyelenggara dipiharep bisa ngalelempeng paradigma sangkan henteu ngahudangkeun sikep “penyimpangan akidah” di masarakat sarta bisa ngawariskeun ieu budaya ka generasi saterusna;
- 4) *Pikeun lembaga panalungtikan*, panyusun ngarasa ieu panalungtikan téh jauh kénéh tina kasampurnaan. Ku kituna, kacida hadéna upama panalungtikan samodél kieu dituluykeun deui dina widang ulikan séjénna deui sangkan leuwih loba mangpaat tina ieu panalungtikan.